# ФИЛОЛОГИЯ

УДК 82
DOI: 10.47928/1726-9946-2024-24-1-82-90
EDN: SNNYMG

Научная статья

## Дыгъужь Къурмэн и Іуэху еплъыкІэр и тхыгъэхэм къызэрыхэщыр

**Хъ. И. БакІуу**

*Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитарнэ институт, Налшык, Урысей*
*h.bakov@mail.ru*

**Аннотация.** В статье рассматривается проблема творческой индивидуальности на материале творчества черкесского поэта и писателя Курмана Бахсиятовича Дугужева (1941–1984). Вопросы творческой индивидуальности и национального своеобразия являются актуальными во все периода функционирования литературного процесса, это особо касается младописьменных литератур. О творчестве К. Дугужева отзывались многие авторы, но они являются журналистами, художниками, поэтами и т.д., но мало кто из профессиональных литературоведов академически проводил анализ его произведений, поэтому данная статья в известной мере восполняет этот пробел. В вводной части дается характеристика понятия творческой индивидуальности, отмечается степень ее разработанности, подчеркивается ее роль в становлении младописьменных литератур северокавказского региона. Приводятся факты биографии К. Дугужева, повлиявшие на развитие его творческой индивидуальности и национального своеобразия поэзии и прозы писателя, пользуясь сравнительно-типологическим и хронико-историческим методами. Эстетическому анализу подвергнуты наиболее известные произведения из многогранного творчества К. Дугужева. Особое внимание уделено теме родины в гражданской лирике. Значительное место в статье занимают вопросы мастерства писателя. В статье ставится задача исследовать проблему, имеющую важное значение для адыгского литературного процесса. Результаты его могут помочь составителям учебников по литературе, аспирантам, студентам, другим литературоведам и критикам расширить свои знания о творчестве известного писателя, произведения которого должны шире войти в практику школ и вузов, в которых изучается адыгская словестность.

**Ключевые слова:** творческая индивидуальность, литературный процесс, гражданская лирика, метод, теория литературы, стиль, поэтическое воплощение.

**Финансирование.** Работа не выполнялась в рамках фондов.

**Конкурирующие интересы.** Конфликтов интересов в отношении авторства и публикации нет

**Авторский вклад и ответственность.** Автор участвовал в написании статьи и полностью несет ответственность за предоставление окончательной версии статьи в печать.

**Для цитирования.** *БакІуу Хъ. И.* Дыгъужь Къурмэн и Іуэху еплъыкІэр и тхыгъэхэм къызэрыхэщыр // Доклады АМАН. 2024. Т. 24, № 1. С. 82–90.
DOI: https://doi.org/10.47928/1726-9946-2024-24-1-82-90; EDN: SNNYMG

© Баков Х. И., 2024

Контент доступен под лицензией Creative Commons Attribution 4.0 License.

## PHILOLOGY

Original article

# The peculiarity of creative individuality Circassian poet and writer Kurman Duguzhev

**Hangeri I. Bakov**

*Kabardino-Balkarian Institute for Humanitarian Research, Nalchik, Russia*
*h.bakov@mail.ru*

**Abstract.** The article deals with the problem of creative individuality on the material of creativity of Circassian poet and writer Kurman Bakhsiyatovich Duguzhev (1941-1984). The issues of creative individuality and national originality are relevant in all periods of functioning of the literary process, this is especially true for young-descriptive literatures. Many authors have commented on the work of K. Duguzhev, but they are journalists, artists, poets, etc., but few professional literary critics have analyzed his works academically, so this article fills this gap to a certain extent. The introductory part characterizes the concept of creative individuality, notes the degree of its development, and emphasizes its role in the formation of young-written literatures of the North Caucasus region. The facts of K. Duguzhev's biography that influenced the development of his creative individuality and the national uniqueness of his poetry and prose are presented using comparative-typological and chronico-historical methods. The most famous works of K. Duguzhev's multifaceted creativity are subjected to aesthetic analysis. Special attention is paid to the theme of homeland in the civil lyrics. The questions of the writer's skill occupy a significant place in the article. The article aims to investigate the problem posed, which is important for the Adyghe literary process. Its results can help the authors of literature textbooks, postgraduates, students, other literary scholars and critics to expand their knowledge about the works of the famous writer, whose works should enter more widely into the practice of schools and universities where Adyghe literature is studied.

**Keywords:** creative individuality, literary process, civic lyrics, method, literary theory, style, poetic realization.

**Funding.** The work was not carried out within the framework of funds

**Competing interests.** There are no conflicts of interest regarding authorship and publication.

**Contribution and Responsibility.** The author participated in the writing of the article and is fully responsible for submitting the final version of the article to the press.

**For citation.** *Bakov H. I.* The peculiarity of creative individuality Circassian poet and writer Kurman Duguzhev. Adyghe Int. Sci. J. 2024. Vol. 24, No. 1. Pp. 82–90.
DOI: https://doi.org/10.47928/1726-9946-2024-24-1-82-90; EDN: SNNYMG

© Bakov H. I., 2024

This work is licensed under a Creative Commons Attribution 4.0 License.

**Хэзыгъэгъуазэ. (Введение).** Дыгъужь Къурмэн лъэужьышхуэ къыхинащ адыгэ литературэм. Абы и гъащIэмрэ и творчествэмрэ куэд тетхыхьащ, ауэ ахэм я нэхъыбэр публицистхэщ, композиторхэщ, тхакIуэхэщ, журналистхэщ, литературэ институтым езыгъэджахэрщ. МащIэщ литературэдж щIэныгъэлIхэу и тхыгъэхэм тепсэлъыхьахэр. Псом хуэмыдэу Къурмэн и усэхэм, новеллэхэм, повестхэм, романхэм пщIэшхуэ хуэзыщIар тхылъаджэхэрщ, усакIуэ куэдым усэ хуатхащ абы и гъащIэм, лъэпкъым хуилэжьам, лэжьакIуэшхуэу, псэ хьэлэлу дунейм зэрытетам теухуауэ. Апхуэдиз зыхуатха ди литературэм хэту къыщIэкIынкъым. КъитIуэнщ зыбжанэм я цIэ: Хьэнфэн Алим, Бемырзэ Мухьэдин, Шорэ Ахьмэд, Хьэкъун Риммэ, Псыхэмыхьэ Муссэ, ГъукIэкъул Даут, ГъукIэкъул Мухьэмэд (мыбы Къурмэн хуитхащ сонет Iэрамэ), Турклиев Альберт, Аджиевэ (Элькановэ) Люазэ, Шыбзыхъуэ Ларимэ нэгъуэщIхэри.

Нэхъыбэжщ письмо къыхуэзытхахэр (Езы Къурмэни куэдым яхуитхт письмохэр), ахэр къикIырт адыгэ щыпсэу щIыпIэ куэдым, ди къэралым дежи, хамэкъэрал щыпсэу адыгэхэми къабгъэдэкIыу (Тыркум, Сирием, Иорданием, Америкэм, ФРГ-м). Дыгъужь Къурмэн ящыщщ япэ дыдэ хамэкъэралхэм епщыкIубгъуанэ лIэщIыгъуэм кIуэн хъуа адыгэхэм я деж кIуахэм, ахэм запызыщIахэм 1970 гъэхэм. Хэкур зыфIэкIуэда ди лъэпкъэгъухэм я гъащIэр тхакIуэм и зы темэу хыхьащ и творчествэм, абыхэм ящыщ Iэджэ кърigъэблагъэри ди хэкум, щигъэхьэщIэт (къэкIуэжыпаи къахэкIащ Къурмэн и дэIэпыкъуэгъукIэ), яхуэтхэт, тхылъхэр яхуригъэхьт.

Дыгъужь Къу. дунейм щехыжам лъэныкъуэ куэдым, къэрал зыбжанэм я жагъуэ зэрыхъуар къатхащ. Абыхэм ящыщ зы къэтхьынщ хамэкъэрал щыпсэу адыгэхэм пщIэшхуэ къызэрыхуащIыр, фIыуэ къалъагъууу щытам и щапхъэу. Ар къэзытхар уэрэджыIэ цIэрыIуэ Къущхьэ Догъэнщ: «Хэхэс адыгэхэм ди гукъеуэр гурэ псэкIэ зыхэзыщIа Дыгъужь Къу. и усэхэр къыщырагъажьэкIэ адэжьхэм дызытраша хьэзабрэ гукъеуэкIэ гъэнщIа Истамбылым и гъуэгу нэшэкъашэжьым дызыхуиша бэлыхьыр а нэхъ гупсысэншэу тхэтми фIыуэ къыгурыIуэт. Абы и усэхэр ди щIалэгъуалэ куэдым я гум щагъаскIэ, гъуазэ яхуохъу. Лъэпкъым и дежкIэ гукъеуэшхуэщ зэрытхэкIыжар. Къурмэн хуэдэхэр лIэкъым. Ар лъэпкъыр псэуху ди гъусэу псэунущ. Ауэ хэхэс Адыгэу зи хэкур зыфIэкIуэдауэ хьэзабыр зыгъэвхэм я хьэзабыр иухыху Къурмэн и псэр тыншыну къыщIэкIынкъым. А хьэзабыр щиухынур хэхэс гъащIэр даухыу ди хэкужь и жьэгупащхьэ дыщетIысылIэжыну махуэращи, къарууэ диIэр абы хуэгъэпсын хуейщ» [1, н. 208].

**Материал** къэдгъэсэбэпахэм нэхъыщхьэр Дыгъужь Къурмэн и тхыгъэхэр зэхуэхьэсауэ томих хъууэ Черкесск 2020 гъэм къыдэкIарщ. Абы нэмыщIкIэ тхакIуэм письмо итхахэр, езым къыхуатхахэр, тхакIуэм и усэхэр, прозэр тегъэщIапIэ хъуащ къэхутэныгъэм.

**Метод** къыхэтхар къэтхутэ проблемэм епхащ: тхакIуэм и Iуэху еплъыкIэм зызэриужьар езыпх факторхэр зэманкIэ зэкIэлъыхьауэ къэгъэлъэгъуэнырщ, егъэпщэныгъэ Iэмалхэми щIыпIэ щхьэхуэ еубыдыр. Апхуэдэщ Дыгъужь Къу. и биографиер и тхыгъэхэм зэрепхар къэзыгъэлъагъуэ Iуэхухэр сэтей къэщIынырщ.

Классик гуэрым жиIащ «УсакIуэр къэпцIыхуну ухуеймэ абы и хэкум, къыщалъхуам кIуэ», ар псом хуэмыдэу пэж щохъур Дыгъужь Къурмэн хуэгъэзауэ. Дыгъужь Къу. августым и 13-м 1941 гъэм къыщалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэс автоном областым хыхьэ Хъумэрэ (пасэм – Абыкъухьэблэ) къуажэм. «Зауэм и бын» жыхуаIэ щIэблэм хиубыдащ. И адэр зауэм хэкIуэдащ, и анэр щIалэ цIыкIуиплI иIэу фызабэу къэнащ. И анэ Сачинэт ахэр ипIащ цIыхуфIхэу, гугъуехьым зыпэщIамыдзу. Къурмэн 1956 гъэм классиблыр къиухри губгъуэм Iэхъуэу ихьащ, губгъуэм, къущхьэхъум, Псыжь (Кубань) и макъым къыхуагъэушащ усэ тхыныр. Илъэс зытIущкIэ Iэхъуауэ, ар колхозым и унафэщIхэм Черкесск ягъакIуэ ухуэныгъэ училищэм, ар къеух блынзэтелъхьэ-штукатур IэщIагъэ и1эу. Махуэм

лажьэурэ, пщыхьэщхьэкIэ гъунэгъу къуажэм кIуэурэ е 9–10 классхэр къеухыр. 1960–1963 Тырку гъунапкъэм къулыкъу щищIащ. Абдеж ар мэхъур «На рубежах Родины» газетым и корреспондент. Абы къытрадзэу щIадзащ и усэ урысыбзэкIэ зэхъуэкIахэр. Къулыкъу нэужьми Къурмэн Iэхъуэ башыр къещтэжыр, ауэ областым и тхакIуэ зэгуэхьэныгъэм гу къылъатэ щIалэщIэм усэ зэритхми, ар Москва Литературэ институт А. М. Горькэм и цIэр зезыхьэм 1965 гъэм ягъакIуэ. Ар къиухащ 1970 гъэм.

Литературэ институтым щIэныгъэ куу къыщIиха къудейкъым Къурмэн, атIэ абы Литературэм и теорием, критикэм нэIуасэ щыхуэхъуащ; тхэным хуэIэзэ ящIащ къыдеджахэм, езыгъэджахэм я чэнджэщхэм. Ар зыхэхуа студент гупым я унафэщIыу щытащ усакIуэ цIэрыIуэ, профессор Сергей Смирнов. Абы гу лъитащ Дыгъужь Къу., адрейхэм зэремыщхьым, и усэхэм я лъабжьэр езым илъэгъуа, игъэва Iуэхугъуэхэм зэрыпыщIам. Къэтхьынщ адыгэ усакIуэм хужиIахэр: «Курман Дугужев лирического склада души поэт, исключительной чертой его творческого подхода к живописанию сегодняшнего бытия служит конкретный факт, увиденный в жизни, часто повседневный... но «рассматривает его как поэтическое обобщение и средство художественного воплощения всего того, что окружает, радует, печалит. Он «акварельно» рисует пейзажи своей Черкессии, трудовых людей... Его стихи искренны, доходчивы, ясны. Курман идет верным путем, держит равнение на поэтические вершины и этим самым выражает существенные черты своего народа» [1, н. 96].

Мы псалъэхэр тIэкIу кIыхьми, абы наIуэу къегъэлъагъуэр Дыгъужь Къу. и темэ нэхъыщхьэу цIыху гуащIэдэкIыр зэрыхэтыр, и пейзажхэр фIэщхъуныгъэ зыщIыр езым илъэгъуахэм къызэрыхихыр. Профессорым абы гу лъита къудейкъым, атIэ Къурмэн зэрыцIыху хьэлэлым, и гур зэIухауэ зэрыщытым, литературэм зэритхьэкъуар къилъытэри гупым я старостэ ищIащ, партым хагъэхьащ, егъэджакIуэхэри нэхъ нэ лейкIэ къеплъ хъуащ.

Дыгъужь Къу. литературэм деж и Iуэху еплъыкIэм («Творческая индивидуальность» жэуэ теорием хыхьам) зиужьыным щхьэпащ нэгъуэщI Москва нэIуасэ къыщыхуэхъуа урыс усакIуэ, тхакIуэ, литературэдж цIэрыIуэ зыбжанэм я чэнджэщхэри, ахэр и псалъэгъут, письмо къыхуатхырт. Иджыри а цIыху цIэрыIуэхэм Къурмэн къыхужаIа зыбжанэ къэтхьынщ. Каваленков Александр, усакIуэ, профессор, Къэрал саугъэт зрата: «Качество стихотворений Дугужева столь высоко, что любой высококвалифицированный русский поэт-переводчик мог бы сделать большую услугу нашему широкому читателю и литературной общественности, переведя поэзию полностью» [1, н. 94]; нэгъуэщI Литературэ институтым и профессор Гаглоева Лия Александровна: «Можно было на Курмана сердиться за его розовость, но также за эту розовость его можно было и любить преданно. В моем сердце он постоянно жил и живет как удивительно чистый – до детскости, до гриновской праздничности» [1, н. 95].

ПсалъэфI куэд езы Къурмэн, и IэдакъэщIэкIхэм теухуауэ хужаIащ зэдзэкIакIуэ Iэзэхэм (усакIуэ, къэрал саугъэтым и лауреат Васильевэ Ларисэ (усакIуэ Казарновский Александр, Иштван Даби – Венгрия; Хъуажь Фахъри – Турция н.), журнал зэхуэмыдэхэм я редакторхэм, журналистхэм. Москва щеджа зэманми, абы иужькIэ лэжьапIэ зыбжанэ щыIутами («Ленин нур» газетым, радиом, ТхакIуэхэм я союзым, химзаводым хьэлъэзехьэу) Дыгъужь Къурмэн гъащIэм и лъэныкъуэ куэд зэригъэщIащ, абы Iэхъуэу зэрыщытар хэплъхьэжмэ гурыIуэгъуэ мэхъур абы и творчествэм гуащIэдэкIыр, цIыху лэжьакIуэр, гугъуехьыр темэ убгъуауэ щIыхыхьар.

**КъэхутэныгъэрзэрекIуэкIар.** ТхакIуэм, усакIуэм и Iуэху еплъыкIэм, и образ къэгъэщIыкIэм, и сюжет ухуэкIэм, и Iэзагъэм зегъэужьыным сэбэпышхуэ хуэхъуащ ар адыгэ

тхакIуэхэм япыщIауэ, я чэнджэщхэм щIэдэIуу зэрыщытар. И творчествэр щIидза къудейуэ, студенту щыщытам щыгъуэ къыщыщIэдзауэ Теунэ Хьэчим абы гулъытэ хуищIащ. Езы Къурмэни письмо хуитхат тхакIуэ цIэрыIуэм. А письмом итт Къурмэн Израилыр хьэрыпхэм щатеуам хуитха усэм къежьапIэ хуэхъуар: УсакIуэм пщэдджыжьым къилъэгъуащ пшэ гуэрэн цIыкIу, радиом къита гузэвэгъуэмрэ а пшэ цIыкIумрэ зэпищIэри усэ хъуат:

*Дэнэ щIыпIэ укърихыу жьым жьуджалэу укъихьа?*
*Къуршым укъыщыщхьэдэхым сыт хъыбару къысхуэпхьа?*
*Сыт пшэ цIыкIум пхужьымыIэу уэ уи нэпсыр къыщIекIуар?*
*АдыгэлI Дамаск щаукIыу щхьэкIуэ укъысхуагъэкIуа?*

Хьэчим письмори усэри игу ирихьащ, къыхигъэщащ Къурмэн гъащIэр зи щIысыр, пщIантIэпсыр зыхуэдэр ищIэу Москва институтым кIуауэ: «Йоджэ и щхьэр хэлъхьарэ, щIэныгъэ куэдым щыгъуазэ зищIу. ТхакIуэ нэхъыфI дыдэхэм я тхыгъэхэр щIеджыкI, абы я Iэзагъыр щапхъэ зэрищIыным зыхуигъасэурэ. Еджэныр Къурмэн сэбэп зэрыхуэхъур, абы и зэфIэкIым зэрызиужьыр нэрылъагъу къыпщащI усэ тхынымкIэ япэу абы ича лъэбакъуэхэм» [1, н. 13]. Къурмэн и Iэзагъым зиужь зэпыту зэрыщытам, ар зытепсэлъыхь темэхэм къызэрыхэхъуэм теухуауэ я очеркхэм, письмохэм щытепсэлъыхьащ усакIуэ, тхакIуэ журналист куэд. Дэри статья зытIущ къытредгъэдзащ щIэныгъэ журналхэм ди зэманым. Ахэм дыщытепсэлъыхьащ Къурмэн и усэхэм образ къызэригъэщIым [2, н.129–133], и новеллэхэр зэриухуэм [3, н. 21–25]. Абы итхэм къытезгъэзэжынкъым, ауэ дигу къэдгъэкIыжынщ абы и усэхэм сюжет щIэщыгъуэ я лъабжьэм зэрыщIэлъыр. Псалъэ гуэр къищтэти символ мыхьэнэ ищIт, къикI мыхьэнэм гупсысэщIэ къыхуигъуэтт. Псалъэм папщIэ, «Вакъэхэм папщIэ балладэ» жыхуиIэм деж Къурмэн вакъэм гугъуехьыу ишэчар къыребжэкI, вакъитIыр жьыуэ «къэтэджт», мывэ дзакIэхэм яуIэт, уэшхым хиубыдэт (къыхуихуэт пщащэ дахэм и туфлъэм къыщыдэфэ), дыгъэм зэфIигъэгъукIт. Ауэ «я къэлэныр а вакъитIым быдэу ирахьэкIт».

ИкIэм икIэжым вакъэхэр лэжьащ:

*Иджы ахэм яIэу щIыхьыр*
*Бжыхьым лъагэу палъэжащ.*
*ЩIэмытыжми я лъэгущIыхьыр*
*Вакъэ напэр къахъумащ.*

Мыбдеж усэм и IукIэр, и рифмэр, ритмыр екIуу зэрызэгъэпэщам нэмыщI усакIуэм къызэрыгуэкI «вакъэ» псалъэм образ хьэлэмэт къыхищIыкIащ, абы щIагъыбзэкIэ къеIуатэр цIыху лэжьакIуэр гугъу зэрехьыр, абы «кIапэм ипIэ напэр» къызэрыхихыр.

Сыт хуэдэ усакIуэ нэсри адрей цIыхухэм хуэмыдэу нэ лейкIэ йоплъыр дунейм, гъащIэм къыщыхъу Iуэхухэм. Ахэр образкIэ къегъэлъагъуэр. Ахэм яхэтщ «парадокс Iэмал къэзыгъэсэбэп, ар зытещIыхьар узэмыжьэ жэуап ягъэува упщIэм етынырщ. Мы Iэмалым ущыхуозэр усэхэм, драмэхэм, прозэм, ауэ нэхъыбэу ущыхуэзэр басняхэм, сонетхэм, новеллэхэм. ИщхьэкIэ къэдгъэлъэгъуа ди статьям и гугъу щытщIащ Къурмэн и новеллэхэм ар Къурмэн къызэригъэсэбэпар. Къурмэн и усэ зыбжанэми щыболъагъур а Iэмалыр. «Вокзалым» жыхуиIэ усэм деж лIыжь гуэрым и пхъуантэр ядыгъуащ, дыгъури щIэпхъуэжащ щэхуу, лIыжьым псори хуогузавэ, ягу щIогъур, ауэ усакIуэм зигу нэхъ щIэгъур нэгъуэщIщ:

*Абдеж зи пхъуантэ ядыгъуам*
*Сэ си гур зыкIи щIэмыгъуа,*
*СфIэтхьэмыщкIэр а щIэпхъуэжарщ –*
*Зи цIыхугъэм едыгъуэжарщ.*

Мы зи гугъу тщIы парадокс Iэмалыр Дыгъужь Къу. къыщигъэсэбэпащ и поэмэ «Iэсхьэд и къафэ» жыхуиIэм. Мардие пщащэр докIуэр Iэсхьэд щIалэм. Мардие пшынауэ Iэзэт, и щхьэгъусэр зауэм хокIуадэр, абы и фэеплъу къафэ дахэ зэхелъхьэр. Езым и щхьэгъусэр фронтым къимыкIыжами, Мардие псэууэ къэкIуэжхэм япожьэр Iэсхьэд и къафэкIэ. Ар жьы хъуауэ бэзэрым зы махуэ макIуэр пшынэр иIыгъыу, абдеж шэнт тотIысхьэри Iэсхьэд и къафэ къregъэкI, цIыху куэд къызэхуосыр, ахэр щIоупщIэр пшынэм и уасэм. Зы лIыжь и пхъурылъху цIыкIу и гъусэу гъунэгъуу щытщ, лIыжьыр хуолъыхъуэр абы пшынэ. Мардие йоупщI сабийм пшынэ еуэфрэ емыуэфрэ. Хъыджэбз цIыкIум жеIэр ар анэшым щыIэу пшынэм еуэу зызэригъэсар, Iэсхьэд и къафэми зэреуэфыр. Мардие пшынэр ирет мыр жиIэу: «Сегъэплъыт пшынэм угурыIуэм». Хъыджэбз цIыкIум фIы дыдэу кърегъэкIыр, «уипхъуатэу уи щхьэр игъэуназэу». Ахъши къыIыримыхыу пшынэр иретри мыр щIегъур:

*Си пщащэ цIыкIу, иджы мы пшынэр*
*Уи джэгу хыхьэгъуэщи, ууейщ.*
*Мы пшынэм текIуэныгъэ иныр*
*ИрибгъэлъапIэу тет дунейм [4, н. 311].*

Апхуэдэ узэмыжьэ IуэхукIэ еухыр и новеллэхэм я сюжетхэри.

УсакIуэм, тхакIуэм я творчествэм щызэдэлэжьэн хуейщ тхакIуэм и еплъыкIэмрэ къызыхэкIа лъэпкъым и еплъыкIэмрэ. Усыгъэм и жанрхэр нэхъ кIэщIщ, абдеж авторым и еплъыкIэр нэхъ щытепщэщ, сыту жыпIэмэ лирикэр усакIуэм «и гум къопсэлъыкIыр, прозэм деж персонажхэм щхьэж я гупсысэм, теплъи, я бзи яIурелъхьэр тхакIуэм. Прозэм, псом хуэмыдэу и жанр нэхъ инхэу повестымрэ романымрэ тхакIуэм хузэфIокIыр лъэпкъым и хьэл-щэныр («национальный характер» жыхуаIэр) нэхъ убгъуауэ, нэхъ IупщIу къигъэлъэгъуэну. Апхуэдэщ лъэпкъым и Iуэху еплъыкIэри (национальное своеобразие).

Философие гупсысэр усэми прозэми, драматургиеми къыщыбгъэлъэгъуэн папщIэ Iэмал хэха хуейкъым, абы нэхъыщхьэр а гупсысэм тхакIуэм и акъыл хуэкIуэнырщ. Уеблэмэ сатыритI, сатыриплI нэхъ мыхъу усэкIэ философие куу къыщагъэлъагъуэ урохьэлIэр. Псалъэжьхэр апхуэдэщ, апхуэдэщ басняхэр зэраух сатырхэр, сонетхэм я кIэуххэри. А псоми теориер зэреджэр «Афористикэщ». Парадокс Iэмалыр къигъэсэбэпурэ апхуэдэ жыIэгъуэ куэд къегъэщIыр Бетыгъуэн Сафарбий. Хэтхэщ IутIыж Борис и тхыгъэхэми. Философие лъабжьэ зиIэ «жанр цIыкIу» жыхуаIэр (Малые жанры) Ищхъэрэ Кавказ литературэхэм фабгъуэу хагъэхьащ КIыщокъуэ Алим, Гамзатов Расул, Кулиев Къайсын, МэшбащIэ Исхьэкъ сымэ. Абы яужькIэ а жанрым телажьэ хъуащ нэгъуэщI усакIуэ нэхъыщIэ зыбжанэ. Дыгъужь Къурмэн и творчествэм ущрохьэлIэ абы:

*Щхьэм ит акъылырщ и уасэр,*
*Хьэм и Iущагъырщ и уасэр.*
*Шым и жэрагъырщ и уасэр*
*ЦIыхугъэрщ цIыхум и уасэр.*

Мы сатыриплIми гупсысэ куу къыжаIэр:

*Хьэпшып лъап1э хуэвмыщI тыгъэу ц1ыхум –*
*Псори къегъэнэж дунейм щехыжым.*
*Ауэ псалъэ гуапэ фыщымысхь,*
*Ар гум къонэр, дэнэ к1уэми здехь.*

Тхак1уэм и прозэм деж нэхъ къыхощыр езым и Iуэху еплъык1эри лъэпкъым ейри. А тIур щызэдэлажьэм дежщ лъэпкъым и хьэл-щэнри (национальный характер) фIэщхъуныгъэ хэлъу къэгъэлъэгъуа щыхъур. Дыгъужь Къурмэн прозэм и жанр инхэм зыщырипщытар усакIуэ цIэрыIуэ хъуа нэужьщ, аращ и повесть «ТехьэпщIэ», романхэу «Бжьыхьэ

псыдзэ», «ЩIымахуэ лэгъупыкъу» зыфIищахэр зэрытха бзэр бей щIэхъуар. ИщхьэкIэ зэрыжытIащи, усакIуэ нэс хъуахэр прозэм щыхуэкIуэм деж зэрытхэ бзэр къутауэ, «хьэзыр хъуауэ» йоувалIэр персонаж зэхуэмыдэхэм я образхэр къэгъэщIыным. Ар ядыболъагъур: ЩоджэнцIыкIу Алий, КIыщокъуэ Алим, IутIыж Борис (ар бзэщIэныгъэхэмкIэ кандидатт), Бемырзэ Мухьэдин (адыгэбзэр егъэджынымкIэ щIыхь зиIэ лэжьакIуэт) н. Ахэм адыгэбзэр ящIэ къудейтэкъым, атIэ адыгэбзэм зрагъэужьт.

**Къэхутэныгъэм кърикIуахэр.** Зи гугъу тщIы проблемэхэр зэфIэхыным щхьэпэхэм – тхакIуэм иIэ щIэныгъэр, лъэпкъым и менталитетыр, абы фIыр, Iейр зэрилъагъу щIыкIэр, и хабзэр, и психологиер, и псэукIэр, дахэр, пэжыр къызэрыгурыIуэр жыхуэтIэхэм я нэхъыщхьэхэм щыщщ произведениер зэратх бзэр. Псом япэ къыхэгъэщыпхъэщ Дыгъужь Къу. пейзаж къызэригъэлъагъуэ и бзэр. Абы дунейм и теплъэр сурэт трих фIэкIа умыщIэу ди нэгу къыщIигъэувэ къудейкъым. Художникым краскэкIэ ар ди пащхьэ кърригъэувэмэ, Къурмэн «псалъэкIэ сурэт ещIыр». И пейзаж щIэщыгъуэхэр хэпхъащ и лирикэми. Псом хуэмыдэу къехъулIэрт гъэмахуэм, бжьыхьэм теухуа усэхэр, мащIэщ щIымахуэр къэзыгъэлъагъуэр. Абы щхьэусыгъуэ иIэу къыщIэкIынщ – усакIуэр Iэхъуэу губгъуэм щитар гъэмахуэмрэ бжьыхьэмрэщ. Къурмэн и нэкIэ имылъэгъуа, и псэкIэ имыгъэва къэхъукъащIэхэм тетхыхь и хабзэтэкъым. Дунейм и теплъэращ ар «усакIуэ зыщIари». Абы лъытат литературэ институтым щезыгъэджа профессор Смирнов Сергей. (Дугужев «акварельно» рисует пейзажи своей Черкессии). УсакIуэм и пейзажхэр «Iэпхъуащ» и прозэми. (Гу лъытапхъэщ Къурмэн и пейзаж гъэщIэгъуэнхэр иджыри зыми къызэримыхутам). Пейзажыр убгъуауэ хэтщ Къурмэн и повесть «ТехьэпщIэми» и романхэми. «Бжьыхьэ псыдзэ» романыр къызэрыщ1идзэр пейзажщ: «. . . къуэладжэм нэху къыщекIа пшэ хужьхэм хуэм-хуэмурэ заIэтыжурэ бгы нэкIухэм ирекIуэкIти, къыпфIэщIт бгыхэм пщэдджыжьым гухэхъуэу затхьэщIауэ пшэ къауц хужьхэр напэIэлъэщIу зэIэпахыурэ залъэщIыжу» [5, н. 162]. Пейзажыр авторым удихьэхыу къыщегъэлъагъуэр адэкIи. Образ щIэщыгъуэкIэ гъэпсащ пейзажхэр. Ахэр мащIэкъым. «ЩIымахуэ лэгъупыкъу» романым дежи (мы романыр авторыр дунейм ехыжа нэужьщ къыщыдэкIар, ар Къурмэн и тхыгъэ нэхъ ин дыдэщ, напэкIуэцI щихым носыр). Мыбы и композицэм хэт щхьэхэм я нэхъыбэр къызэрыщIидзэр дунейм и теплъэщ. Уеблэмэ, и произведениехэми я цIэр пейзажым епхащ: Бжьыхьэ псыдзэ; ЩIымахуэ лэгъупыкъу, Жыгхэр, Мывэ зэгуэуда, и усэ куэд дыдэми я цIэхэри апхуэдэщ. Мыбы щыщ зыкъомми символ мыхьэнэ яIэщ.

Адыгэхэм я менталитетыр, я гупсысэкIэр, Iейр, фIыр, дахэр, мыхьэнэшхуэ зиIэр IупщIу, кIэщIу къыщагъэлъэгъуащ псалъэжь шэрыуэхэм. Ахэр цIыху къызэрыгуэкIхэми, усакIуэхэми, тхакIуэхэми убгъуауэ къагъэсэбэпыр. Ар тхакIуэхэм зэрыадыгэр къызэрагъэлъагъуэ Iэмалщ. Лъэпкъым и Iуэху еплъыкIэр зэикI щыгъупщэкъым Къурмэн, аращ абы и тхыгъэхэм псалъэжь куэд щIыхэтри, этнографием щыщ псэукIэм пыщIа сурэтхэри IэщIыб щIимыщIыр.

Къэтхьынщ псалъэжь къигъэсэбэпахэм я щапхъэ, – «ЩIымахуэ лэгъупыкъу» романым щыщу: Къарууншэр Iэмалыншэщ; Таучэлым былым хэлъщ; Былымыр зейм емыщхьмэ хьэрэмщ; Насып щагуэшым пабжьэм хэсащ; Уи щхьэ здэщыIэ нэхърэ уи лъапсэ здэщыIэ; Хабзэр бзыпхъэщи, къалэныр убзэкъым); ГушыIэр тхьэм и щIасэщ; УзыгъэтIыс уи убыжкъым; Жьым щытхъуи щIэр къащтэ; ЩIэныгъэр къэкIуэнум и гъуэгущ» нэгъуэщIхэри.

«Бжьыхьэ псыдзэ» романым дежи щIыпIэ хэха щаубыд адыгэ псалъэжьхэм: Бгъэунэхум гъащIэри къегъэунэху; Блэ зэуар аркъэным щощтэр; Шыдым и щхьэр хьэрэмщи, и хьэлъэр хьэлэлщ; Узыхэтым уадемыкIумэ. Фи дей умыкIуэж (256); ЩIымахуэрэ дзэрэ; ЩIымахуэм шхахуэ яригъэщIкъым; Щыгъыныр гуащэщи, ятIэр пщы унэщ; Зыхуэмы-

шыIэ пщтырафэщ; Мэлыхъуэр уэдмэ, мэлхэр пшэрщ нэгъуэщIхэри.

Езы тхакIуэм къигъэщIауэ философие Iуэху еплъыкIэ Къурмэн и персонажхэм яIурелъхьэ. Псалъэм папщIэ, Мырзэ дадэ (Бжьыхьэ псыдзэ романым) къамылыр, уэрэдыр къызгурымыIуэхэм яжреIэ: «Мэкъамэр тхьэм и бзэщ. Мэкъамэр цIыхум и гум, жыгхэм, псыхэм, жьыбгъэм, Iэщым я бзэщ. Мэкъамэр ди адэжьхэм я бзэщ, ахэр дунейм ехыжами, я псэр мэкъамэкIэ къыдопсалъэ. Iэщ пэтрэ зэтоувы1эри мэкъамэм щIодэIу [5, н. 176].

Поэтикэ и лъэныкъуэкIэ, образ къызэрагъэлъагъуэ Iэмалхэу – эпитет. Зэгъэпщэныгъэ, метафорэ, олицитворение хуэдэхэр зэрыхэтымкIэ Къурмэн и произведениехэр къэхутэн хуейщ. Ахэр Iэзэу къыщигъэсэбэпащ и усэхэми, прозэм и жанрхэми. Къэтхьынщ щапхъэ зыбжанэ: Акъыл нэф; ЖиIэн имыгъуэтыжу ефэндыр ипIэ къинати ар ещхьт и кIэм едзэкъэжыну лъэмыIэсу зызыгъэджэрэз хьэм; Тхьэм и гуфIакIэм дэсым ещхьу; Кхъужьей хужьыбзэр нысащIэу. . . ; МафIэ гуащIэу сыблэнщ; Жэщ кIыфIыр я къэрэгъулун.

**ДызыхуэкIуа жэуапхэр.** Дыгъужь Къурмэн и творчествэ псом кIуэцIырокIыр гупсысэ нэхъыщхьэу езыр зэрыадыгэ усакIуэр, тхакIуэр. Ар къызэригъэлъагъуэ нэщэнэхэр тещIыхьащ адыгэ хабзэм, бзэм и фразеологием, адыгэ хьэлым, лъэпкъ гъащIэм и этнологием, адыгэхэм эстетикэм и категориехэу фIыр, дахэр, лъагъуныгъэр, гуапэр, мыхъумыщ1эр, Iейр, гъащIэм и пэжыр жыхуаIэхэм. Нэхъ мыхьэнэ мащIэ иIэкъым езы Къурмэн и щхьэзакъуэ Iуэху еплъыкIэ и творчествэм зэрыхипщэм. А зи гугъу тщIа категориехэр езы дыдэм къызэрыгурыIуэр, зэреплъыр къыщыдгъэлъэгъуащ мы статьям. Зыми емыщхь абы и хъэтIыр ящIыр и Iэзагъым, щIэщыгъуэу къигъэсэбэпа эпитетхэм, зэгъэпщэныгъэхэм, метафорэхэм, и рифмэхэм, образ ухуэкIэхэм. Дыгъужь Къу. и творчествэм деж зэдигъэлэжьащ езым и Iуэху еплъыкIэмрэ езыр хьэлэлу зыхуэлэжьа адыгэм я менталитетымрэ. Пэжщ езым итхар:

*Адыгэм папщIэ зыми сыщысхъакъым,*
*Къаруи гуащIи сэ щызмыгъэлъа.*
*Сэ уи зы махуи пщIэншэу есхъэлIакъым,*
*Хьэлэлу пхуэлIыщIащ уэ сигу къэплъар.*

Дэ щIэуэ гу зылъыттахэри хэту Дыгъужь Къу. лъэужь къигъэнахэр нэхъ убгъуауэ я пащхьэм илъхьэн хуейщ учебник зэхэзылъхьэхэм, студентхэм, аспирантхэм, литературэджхэм, адыгэ литературэм пщIэ хуэзыщIхэм, егъэджакIуэхэм. Пэжщ усакIуэ гъуэзэджэ Бемырзэ Мухьэдин Къурмэн хужиIар; Ар: «Адыгэ усыгъэм и лъэгапIэхэм ящыщ зыуэ убжмэ ущыуэнукъым». [1, н. 50].

### Список использованных источников


1. *Дыгъужь Къу. Б.* Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Еханэ тхылъ. Черкесск: Нартиздат, 2020. 276 н.
2. *Баков Х. И.* Особенности образной системы в поэзии Курмана Дугужева (Дыгъужь Къурмэн и усыгъэхэм я образ ухуэкIэр) // Вестник Адыгейского государственного университета. Серия 2: Филология и искусствоведение. 2019. № 1 (232). С. 129–133.
3. *Баков Х. И.* Особенности новеллистики в творчестве Курмана Дугужева (Дыгъужь Къурмэн и новеллэхэм я хьэлэмэтагъхэр) // Вестник Адыгейского государственного университета. Серия 2: Филология и искусствоведение. 2019. № 1 (232). С. 21–25.
4. *Дыгъужь Къу. Б.* Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. Япэ тхылъ. Черкесск: Нартиздат, 2020. 468 н.
5. *Дыгъужь Къу. Б.* Тхыгъэхэр томихым щызэхуэхьэсауэ. ЕтIуанэ тхылъ. Черкесск: Нартиздат, 2020. 570 н.

Поступила 14.02.2024; одобрена после рецензирования 26.03.2024; принята к публикации 27.03.2024.

Об авторе:

**Баков Хангери Ильясович,** главный научный сотрудник сектора кабардино-черкесской литературы Института гуманитарных исследований Кабардино-Балкарского научного центра Российской академии наук (360051, Кабардино-Балкарская Республика, Российская Федерация, г. Нальчик, ул. Пушкина, 18), доктор филологических наук, профессор, действительный член АМАН, Заслуженный деятель науки КЧР, КБР и РА, Почетный работник высшего профессионального образования РФ, лауреат Международной Кандуровской премии, член Союза писателей Российской Федерации, ORCID: 0000-0002-4194-1718, h.bakov@mail.ru

Автор прочитал и одобрил окончательный вариант рукописи.

### References

1. *Duguzhev K. B.* Collected works in 6 volumes. Book 6. Cherkessk: Nartizdat, 2020. 276 p.
2. *Bakov H. I.* Features of the image system in the poetry of Kurman Duguzhev (Dyg'uzh K'urman i usig'ekhem ya image ukhuekIer). Vestnik of Adygeya State University. Series 2: Philology and Art History. 2019. No. 1 (232). Pp. 129–133.
3. *Bakov H. I.* Peculiarities of novelistics in the works of Kurman Duguzhev (Dyg'uzh K'urman i novell'ekhem ya khyel'emetag'hir). Vestnik of the Adygeya State University. Series 2: Philology and Art History. 2019. No. 1 (232). Pp. 21–25.
4. *Duguzhev K. B.* Collected works in 6 volumes. Book 1. Cherkessk: Nartizdat, 2020. 468 p.
5. *Duguzhev K. B.* Collected works in 6 volumes. Book 2. Cherkessk: Nartizdat, 2020. 570 p.

Submitted 14.02.2024; approved after reviewing 26.03.2024; accepted for publication 27.03.2024.

About the author:

**Hangeri Ilyasovich Bakov,** Chief Researcher of the Sector of Kabardino-Circassian Literature of the Institute for Humanitarian Studies of the Kabardino-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences (18 Pushkin St., Nalchik, 360051, Kabardino-Balkarian Republic, Russian Federation), Doctor of Philology, Professor, full member of AIAS, Honored Scientist of KChR, KBR and RA, Honorary Worker of Higher Professional Education of the Russian Federation, laureate of the International Kandurov Prize, member of the Union of Writers of the Russian Federation, ORCID: 0000-0002-4194-1718, h.bakov@mail.ru

The author has read and approved the final version of the manuscript.